ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№132 (24.258) ● 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэ



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

ПщIэ зыхуащI Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэ!

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Урысейм и гъащIэм и псэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэхэм ящыщ зым епха мы махуэшхуэм, зи щхьэ хущытыж икIи зыми и унафэ щIэмыт къэралыгъуэу адэкIэ зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIам, дыхуеунэтI тхыдэм и дерс щхьэпэхэм, лIэщIыгъуэкIэрэ къыддегуэкI хэкупсэм и хабзэхэр дигу къегъэкIыж, хуэпэжу Хэкум хуэлэжьэным, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм, къэралым и нобэмрэ къэкIуэнумкIэ жэуап зэрытхьым я нэщэнэщ.

Лъэпкъ псоми ди зэхуэдэ псэкупсэ лъапIагъэхэмрэ хабзэхэмрэ иджыри я шэсыпIэу щытщ къэралым ехъулIэныгъэкIэ зиужьынымрэ дэтхэнэ зы цIыхуми и зэIузэпэщыныгъэмрэ. ГъащIэм иджыпсту дызэригъэувэ щытыкIэ гугъухэм я пащхьэм дыщиткIэ ди къалэнщ - Хэкум и щIэин къулейхэр сыт и лъэныкъуэкIи тхъумэну, зэманым декIу, Урысей зэщIэгъагъэ лъэщ ухуэным хуэтщI хэлъхьэныгъэм хэдгъэхъуэну.

Си фIэщ мэхъу, зэкъуэтыныгъэмрэ зэщIэгъэкъуэныгъэмрэ тхъумэкIэрэ, дэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэдгъэхъулIэфыну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди зэхуэдэ Хэкумрэ я къэкIуэну дахэм папщIэ.

Си гуи си пси къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фиIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр зэраIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын***

**Журт Оксанэ Биберд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Суд-медицинэ экспертизэмкIэ и бюро» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и унафэщIым экономикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэм

**Къардэн ФатIимэ Анатолэ и пхъум** - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм

**Мэкъуауэ Залинэ Анатолэ и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм бухгалтер учётымрэ отчётностымкIэ и къудамэм и унафэщIым - бухгалтер нэхъыщхьэм

**Несыновэ Еленэ Владимир и пхъум** - Май муниципальнэ районым и къэзыпщытэ-къэзыбж IэнатIэм и унафэщIым

**Черкесовэ Ларисэ Исса и пхъум** - «ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхьэ нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къызэгъэпэщыныгъэм и унафэщIым;

***цIэ лъапIэхэр яфIэщын:***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»**

**Мизиев Исмаил Алим и къуэм** - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и медицинэ факультетым и деканым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Власов Александр Василий и къуэм** - ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ цIыхум и зэIузэпэщыныгъэмрэ хъумэным кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъум и «Уз зэрыцIалэм пэщIэтынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр станц» узыншагъэр хъумэнымкIэ федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Битокъу Светланэ Хьэутий и пхъум** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и Социально-гуманитар институтым инджылыбзэмкIэ и кафедрэм и профессорым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м*
*№117-УГ*

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэ • Махуэгъэпс

# ЗылI и быну

**ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэу пщэдей Урысей Федерацэм щагъэлъапIэнум ди къэралым и тхыдэ напэкIуэцIхэм дыхурегъэплъэкIыж, абы хэта гугъуехьхэр ди нэгу къыщIегъэувэж. Илъэс 400 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, щытыкIэ гугъу ихуа цIыхубэр зылI и быну зэкъуэувэныр хэкIыпIэфIу зэрыщытам и нэщэнэщ мы махуэшхуэр. Урысей лъэпкъыбэм апхуэдэ акъылрэ къарурэ къалъыкъуэкIри, хэкупсагъэмрэ жэуаплыныгъэмрэ зэришэлIащ, къалъыкъуэкIа гугъуехьым а зэкъуэтыныгъэм и фIыгъэкIэ пэлъэщри, гъуэгу захуэм теуващ.**

ДИ гъунэгъу къэралхэм ящыщу нэхъ лъэщу щыта Польшэм Урысейр зыIэщIилъхьэну къыщытеуэм, нэгъуэщI къэралым и унафэ щIэувэну хуэмей цIыхубэр куэд хъурти, къызэрыIэтащ. А зэщIэхъееныгъэр зэщIагъэуIуащ Минин Козьмарэ пщы Пожарскэ Дмитрийрэ. Дзэзешэу абыхэм ягъусащ адыгэпщ Черкасскэ Дмитрий (Къанщауэ).

Урысеймрэ цIыхухэр къаруушхуэ зэрыгъэхъуат икIи яхузэфIэкIащ зэрыпхъуакIуэхэр Москва дахужу къэралыр хуит къащIыжын. Абы теухуауэ ягъэува махуэшхуэр XX лIэщIыгъуэр къэсыху илъэс къэс ягъэлъэпIащ, ауэ Октябрь революцэ нэужьым ар къэралым и махуэшхуэхэм хагъэкIащ. АрщхьэкIэ «Урысейм и зауэлI щIыхьымрэ фэеплъ махуэхэмрэ я IуэхукIэ» 1995 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдэкIа Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, ар зэфIагъэувэжащ, мылэжьэгъуэ махуэуи ягъэпсащ.



Нобэ Урысейм и унафэщIхэми, абы щыпсэухэми я дежкIэ лъапIэщ мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ. Ар япэ зэрырагъэщырщ зэманым къигъэув мардэхэм щIыпэлъэщыфри, къэралым къару къезытри, зыужьыныгъэм ерыщу щIыхуэкIуэри.

БлэкIам ухуеплъэкIыжкIэрэ, къэкIуэнур бубзыхун хуейщ. Къэралым, лъэпкъхэм я тхыдэм къыхэщыж Iущыгъэхэр, ехъулIэныгъэхэр, ди адэшхуэхэм я IуэхущIафэхэмрэ гупсысэ убзыхуахэмрэ къэтпщытэжурэ иджыри гъуазэ тщIыфынущ, абыхэм я фэеплъым дыхуэпэжу мамыру дыпсэуфынущ, къыдэкIуэтей щIэблэм гупсысэ куурэ хэкупсэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэтлъхьэфынущ.

Уи хэкур фIыуэ плъагъумэщ узыпэрыт Iуэхур къыщохъулIэнури, узытет гъуэгуанэр къыщызэбнэкIыфынури, укъэзыухъуреихьхэм тыншу уащыдэпсэуфынури. Абы къыхэкIыу дзыхь зэхуащIыжу, зэгурыIуэу, зэдэIэпыкъужу цIыхубэр зэдэпсэумэ, хэкуми, лъэпкъми, унагъуэми, цIыхуми я къарумрэ зэфIэкIымрэ ефIэкIуэнуращ. Ахэращ къэралыр лъэщ зыщIри, ипэкIэ зыгъэкIуатэри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# КIуэкIуэ Дианэ и гъуэгу къежьапIэ

**Нотариус IэщIагъэм ди зэманым щIэупщIэшхуэ иIэ хъуащ. Ауэ абы и лэжьыгъэр тыншу къэзылъытэхэр щыIэщи, щоуэ. Дэфтэрхэр гъэхьэзрынымрэ Iэ щIэдзынымрэ къыдэкIуэу, ахэр зэпымыууэ щыгъуазэу щытын хуейщ къэралым и законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм.**



КIУЭКIУЭ Дианэ иджыри магистратурэм щIэсу (2010 гъэм), юрист-чэнджэщакIуэу щIыдагъэ къезышэкI IуэхущIапIэм лэжьэн щыщIидзащ, аспирантурэм щIэтIысхьа нэужь, егъэджэныгъэ Iуэхум хыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым граждан правэмкIэ и кафедрэм и ассистент, итIанэ и доцент (2012 гъэм щегъэжьауэ) хъуащ. Илъэсищ хъуауэ а лэжьыгъэм нотариус IэщIагъэри дехь.

- Хабзэ зэхущытыкIэхэм студентхэр зэрыхэзгъэгъуазэр сфIэмащIэу, юристуи сылэжьэну сыт щыгъуи сыщIэхъуэпсу щытащ, - къыхегъэщ абы.

КIуэкIуэ Дианэ хэтщ Нотариатым и дунейпсо зэгухьэныгъэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, ар IэмалыфIщ дуней псом щылажьэ нотариусхэм я зэфIэкIым зыщагъэгъуэзэнымрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм щапхъэ трахынымкIэ. «Зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр нэхъ ин ещI къащтэ хабзэхэм ехьэлIауэ уиIэ щIэныгъэм щыщIагъэ гуэр хэлъмэ абы гу зэрылъыуигъэтэжым», - жеIэ Дианэ.

АдэкIэ ар щеджащ Нотариатым и Дунейпсо университетым - нотариус ныбжьыщIэхэр зыщIагъэтIысхьэм. «Си лэжьыгъэм зэрыщIэздзэрэ абы щызгъуэта гъэунэхуныгъэм нэхърэ нэхъ згъэлъапIэ сиIакъым. Франджым, Швейцарием, Канадэм я профессор нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм, къэрал зэмылIэужьыгъуэу 80-м щIигъум я IэщIагъэлIхэри абыхэм яхэту, щхьэж и къэралым хуитыныгъэхэр зэрыщахъумэм, я Iуэху еплъыкIэхэм дедэIуэну Iэмал диIащ», - пещэ абы.

КIуэкIуэ Дианэ Федеральнэ Нотариальнэ палатэм и лIыкIуэхэм я гъусэу, Париж щекIуэкIа франджы-урысей конференцми хэтащ.

- Нотариатыр псом нэхъыщхьэу цIыхум дэлажьэу аращ. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, абы щызэхокI цIыхухэм я хуитыныгъэхэм епха гугъуехьхэр. Ди зэманым бжыгъэ технологиехэм зэрызрагъэужьым нотариусым и IэщIагъэм хуэмыныкъуэж хъуну еплъыкIэ зэрыщыIэр си фIэщ хъурэкъым, - къыхегъэщ бзылъхугъэм. - СызэреплъымкIэ, цIыхухэм сыт хуэдэ зэманми абы зыхуагъэзэнущ. Сыту жыпIэмэ, и хуитыныгъэхэр лъэныкъуэ псомкIи къилъытауэ программэм хузэгъэзэхуэну къысщыхъуркъым. Абы щыгъуэм нотариусым Iэ зыщIидза, мыхъур зытридза дэфтэрым шэч хэлъыжкъым. Иджыпсту нэхъыбэрэ IэщIагъэлIхэм зэрызыхуагъазэр щIэину къалъысым щыхьэт техъуэ дэфтэрыр тхыным теухуащ. Апхуэдэуи дзыхьтхылъ гъэхьэзрынми щIэупщIэ иIэщ. Иужьрей зэманым къыкъуэкIа зэпэщIэхэ IэмалыщIэхэм я фIыгъэкIэ куэдым зыкъытхуагъэзэф нэгъуэщI къалэхэм щыщыIэм дежи.

Дианэ Нотариус ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Ар КъБР-м и Нотариальнэ палатэм хеубыдэм икIи абы хагъэхьэр илъэси 10-м щIигъукIэ а IэщIагъэм ирилэжьахэрщ.

- СызэреплъымкIэ, зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ нотариатым и мыхьэнэр зыхуэдэр цIыхум къагуригъэIуэныр, хабзэ и лъэныкъуэкIэ чэнджэщэгъу яхуэхъуныр, - жеIэ Дианэ. - КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и президентым и гъусэу, ди зэгухьэныгъэр зэлэжьынухэр иджыблагъэ игъэбелджылащ. Сэ сыхуейщ адэкIи жылагъуэ IуэхущIапIэхэм садэлэжьэну, цIыхухэм я хуитыныгъэхэм хэзыгъэгъуазэ зэхыхьэхэм си къару хэслъхьэну, псапэ зыпылъ Iуэхухэм сыхэтыну. Псалъэм папщIэ, ди зэгухьэныгъэр ядолажьэ республикэм и Адвокатхэм я коллегием, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм епха щIалэгъуалэ центрым, КъБР-м и профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэм. Иджыблагъэ КъБКъУ-м и юридическэ къудамэм и гъусэу «стIол хъурей» едгъэкIуэкIащ. Ар тедухуат ди республикэм щыпсэухэм юридическэ Iуэхухэм ехьэлIауэ пщIэншэу чэнджэщхэр зэрыратыр тэмэму зэтеублэным. Ди мурадхэр куэд мэхъу, зэрыхъукIэ, ахэр зэрыдгъэзэщIэнум дыхущIэкъунущ.

НэгъуэщI зы Iуэху щхьэпи КIуэкIуэ Дианэ и ужь итщ - ар Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырым ехьэлIауэ цIыхухэр нэхъыбэу зыщIэупщIэхэм, зи хэкIыпIэ къалъыхъуэхэм теухуауэ чэнджэщхэр зэращритырщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэхэм, ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым, Дунейпсо, Къэбэрдей адыгэ хасэхэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодёжь» газетхэм гущIыхьэ ящыхъуауэ хъыбар фагъащIэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

## Мы махуэхэм

### ЩэкIуэгъуэм и 4, *махуэку*

✦**Урысейм щагъэлъапIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр**

✦**1942 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Думэн Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 5, *мэрем*

✦**1867 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, полковник, 1910 - 1917 гъэхэм Налшык округым и унафэщIу щыта **Къылышбий СулътIанбэч**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-график **Къып Мухьэмэд**.

✦**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Истамбыл щыIэ Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм и гуащэ **Шурдым Гюнсел**.

✦**1949 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Журт Арчыл**.

✦**1977 гъэм** къалъхуащ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Тау Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13-14, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 6, *щэбэт*

✦**ЦIыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**

✦**1857 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и дзэ къулыкъущIэ, маршал, зыхъумэжыныгъэмкIэ, хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министру щыта **Абыкъу Ахьмэдпэщэ**.

✦**1936 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыIэ зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд**.

✦**1953 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быж Зарэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 7, *тхьэмахуэ*

✦**1917 гъэм** Урысейм щекIуэкIащ Жэпуэгъуэ революцэшхуэр.

✦**1914 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **ЕхъулIэ Сэфар**.

✦**1924 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист **ЩоджэнцIыкIу Нурий**.

✦**1930 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Быгуэ Хьэзрэталий**.

✦**1935 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Пётр**.

✦**1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэдгъэф Борис**.

✦**1939 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Анзорыкъуэ Чеслав**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 8, *блыщхьэ*

✦**1914 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Жыгун Тимэ.

✦**1924 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шорэ Ибрэхьим**.

✦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щауэ Iэхьед**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар ЩхьэщэмыщI Изэщ.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.**

Бзэ зэлъэбжьэгъухэр • Ди лъэпкъэгъухэр

# Шэч къызытумыхьэжынур аращи

**Адыгэхэмрэ абазэхэмрэ зы къежьапIэ зэраIам япэхэми дытепсэлъыхьащ. ЛъэпкъитIыр я хабзэкIи зэхэтыкIэкIи зэгъунэгъущ, я гупсысэкIэри дуней тетыкIэри зэщхьщ.**

ПЭЖЩ, ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрекIуэкIым тетщIыхьмэ, щIыналъэкIэ зэлъэIэс лъэпкъхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдымкIи зэдогуашэ: зым ижь адрейм щIихуу, зым имыIэр адрейм къриIыхыу. Адыгэхэр нэгъуэщI лъэпкъхэми къадэгъуэгурыкIуащ. АрщхьэкIэ, ахэр, иджыри зэ къыхэдгъэщынщи, абазэхэм хуэдэу гъунэгъу къытхуэхъуфакъым. Абы щыгъуэми, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ зэрызэхущытым хуэдэу лъэныкъуитIыр зэхуэхъуныр къызыхэкIар, шэч къызытумыхьэжыныр аращи, куэдрэ зэрызэдэпсэуа куэдейр аракъым, атIэ, ахэр, зэман жыжьэ дыдэхэм я деж къыщыщIэдзауэ, зэлъэбжьэгъуи къызэрекIуэкIаращ.

А псом я гугъу дымыщIу, тхыдэ мыжыжьэмкIэ дыкъеплъэкIыжынщи, лъэпкъитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм яжь къащIихуащ бзэуэ зэрахьэхэми: адыгэхэм къагъэсэбэп псалъэхэм ящыщ куэдыр абазэбзэм хыхьащ, абазэ лексикэм щыщхэри адыгэбзэм щыщ хъуащ. ЖытIэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, ди бзэм къыхэкIыу абазэбзэм къищта псалъэхэм ящыщу къэкIыгъэщIэхэм увыпIэшхуэ яубыд. Абыхэм яхэтщ удз, жыг, хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ фIэщыгъэхэр.

МызыгъуэгукIэ дэ тхузэфIэкIынур аращи, къэкIыгъэщIэхэм ящыщу щапхъэ зыбжанэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Япэ идгъэщынщ ахэр абазэбзэм къызэрыщапсэлъымрэ абдежым щрата мыхьэнэмрэ, иужькIэ къэтхынщ абы ирагъэщхьу адыгэбзэм хэт фIэщыгъэцIэр, языныкъуэхэм дежи, урысыбзэкIэ и мыхьэнэр гъэбелджылыжауэ:

**«Бджьый» (абазэ)** - (тхудэшеяфэ, чинара),

**«Бжей» (адыгэ)** - (бук восточный).

Мы фIэщыгъэм и къэхъукIэм ехьэлIауэ бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиIэмкIэ, абы и къэунэхукIэ хъуащ *«бжэ»* псалъэм еигъэ къэзыгъэлъагъуэ суффикс *«ей»*-р пыувэкIэрэ.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик, профессор Шагъыр Iэмин зэреплъымкIэ, жыгыцIэм лъабжьэ хуэхъуар бжы (зэрыпыджэ пасэрей Iэщэ) псалъэращ, а мыхьэнэм хуагъакIуэу щыта фIэщыгъэцIэр иужькIэ жыгым игъуэтыжауэ. Абы и щыхьэту Шагъырым къехь шапсыгъ диалектым хэт *пчыйэ* жыгыцIэу *пчы* (зэрыпыджэ пасэрей Iэщэ) псалъэм къытехъукIар.

Щапхъэу къэтхьам къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ щIыкIэкIэ къэхъуа къинэмыщI жыгыцIэхэми адыгэбзэм дыщрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, *«Iэней»* - бгылъэ мэзхэм къыщыкI жыг лIэужыгъуэщ. Адыгэхэм а фIэщыгъэцIэр абы иратащ, Iэнэ къыхащIыкIыу зэрыщытам къыхэкIыу - *«Iэней» («Iэнэ» + «ей»).*

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# ЩIэныгъэмрэ нэмысымрэ ягъэдахэ бзылъхугъэ

**«Жыгым къыпыкIэр и уасэщ, цIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ», - жаIэ. Шэч хэмылъу, цIыхум и гъащIэм щыпхиша лъагъуэр бгъуэ хъунуми, кIыхь хъунуми зэлъытар къыхиха Iуэхум хилъхьа къарурщ, ирихьэлIэ гуащIэм и инагъырщ...**

МЫ тхыгъэр зытеухуа, УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Финанс университетым Экономикэ лэжьыгъэм и хабзэ зэхэтыкIэхэмкIэ и департаментым и доцент, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, ди хэкуэгъу щIэныгъэрылажьэ бзылъхугъэ, егъэджакIуэ Iэзэ Дыгъужь (Шыбзыхъуэ) МыIуминат нобэ къызэринэкIа гуащIэмрэ лэжьыгъэмрэ уриплъэжмэ, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и пщIэр Iэтыным хуищI хэлъхьэныгъэр къызэрымыкIуэу инщ, куущ, купщIафIэщ.

МыIуминат къыхиха IэщIагъэм емызэшу хуолажьэ, зытехьа щIэныгъэ гъуэгум гушхуауэ ирокIуэ, и лэжьыгъэм гупсэхуу бгъэдэтщ. НэгъуэщIуи хузэфIэкIынукъым. МыIуминат зыщIапIыкIар аращ, щапхъэ хуэхъуар узыфIэмыкIыжыну щIэныгъэ куурэ зэхэщIыкI лъагэрэ зэрылъ унагъуэ дахэщ.

КъЩР-м и Хьэбэз районым хыхьэ Жьакуэ (Алъэсчырей) къуажэм дэс егъэджакIуэхэу Шыбзыхъуэхэ Хьэтызэрэ Аминатрэ я унагъуэм къихъуащ щIэныгъэр гъащIэ гъуэгу зыхуэхъуа пщащэ пажэр.

Къуажэм дэт курыт еджапIэр фIы дыдэу къиухри, пщащэм мурад ищIащ и адэ-анэм я гуащIэдэкI гъуэгуанэм ирикIуэну икIи Черкесск дэт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр педагогическэ училищэм щIэтIысхьащ. ИкIи диплом плъыжькIэ еджапIэр къиухащ. Иужьым, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэ пщащэм мурад ищIащ еджапIитIым зэуэ щIэтIысхьэну. Ар къехъулIащ абы икIи институтитIыр къызэдиухащ - тхыдэ, юридическэ факультетхэм щеджащ.

ИужькIэ аспирантурэм щIэтIысхьэри, Москва щыпхигъэкIащ адыгэ IуэрыIуатэм зи лъабжьэ «Правовая охрана проявлений фольклора» кандидат диссертацэр.

Шыбзыхъуэ МыIуминатщ япэ дыдэу лъэпкъым и IуэрыIуатэр хъумэным теухуа юридическэ щIэныгъэ лэжьыгъэр Москва щыпхызыгъэкIар. А лэжьыгъэр иригъэжьауэ щытащ езым къиуха къуажэ курыт еджапIэм тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щыщылажьэм. Абдежу къелъытэ и IэщIагъэм хуиIэ зэхэщIыкIым зыщиужьар, и къарур псыхьа щыхъуар. НэгъуэщIу хъунт?! Пщащэр япэ и IэщIагъэм щыпэрыувари, щIэныгъэ гъуэгум щытеувари а еджапIэрат, и адэр зи унафэщIырт. ЛэжьыгъэкIэ щапхъэ хуэхъуа и адэр пасэу дунейм ехыжащ...

И кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIыу, щIэныгъэцIэ лъагэр къыхуагъэфэща нэужь, МыIуминат хеящIэм и дэIэпыкъуэгъуу КъШР-м и Арбитраж судым щылэжьащ. Абы къыкIэлъыкIуэу, Тюмень къэрал университетым и къудамэу Ямал хытIыгуныкъуэм щыIэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэми щыIащ.

- Си гъащIэм щызэзгъэгъуэта Iуэху зехьэкIэм, си зэхэщIыкIым, щIыуэпс щытыкIэ къызэрымыкIуэ здэщыIэ щIыпIэхэм сызэрыщылэжьам, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэм сыкIэлъыплъу сыкъызэрыгъуэгурыкIуам си щIэныгъэ лэжьыгъэм хузиIэ бгъэдыхьэкIэм хуабжьу зригъэхъуэжащ. Псалъэм папщIэ, сыкъызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI лъэпощхьэпохэмрэ Урысейм и ищхъэрэ лъэныкъуэм щыпсэу лъэпкъхэр къызэтенэнымкIэ, захъумэжынымкIэ зэфIахын хуей Iуэхухэмрэ зэзгъапщэурэ, адыгэ лъэпкъым фIы и лъэныкъуэкIэ дяпэкIэ зиужьыным хуэгъэзэауэ гъуэгум и кIуапIэр къыхэслъагъукIащ, - къыддогуашэ щIэныгъэрылажьэр.

ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщауэ, нобэ МыIуминат щолажьэ УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Финанс университетым. Абы къыдэкIуэуи, езым къарурэ гукъыдэжрэ къыхэзылъхьэ Iуэхум - иджырей студентхэм я егъэджэныгъэм и методикэм - гуащIэ ин хелъхьэ.

МыIуминат и Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр узыфIэмыкIыжыну мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Зи гугъу тщIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм, егъэджэныгъэм, лъэпкъым и щэнхабзэр хъумэным хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм япкъ иткIэ, МыIуминат иджы дыдэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хагъэхьащ.

- ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хуэдэ зэгухьэныгъэхэм пIалъэ зэхуэмыдэхэм къалэныщIэхэр къахуэуву щытыпхъэу къызолъытэ. ИкIи, сызэреплъымкIэ, нобэ академием лъэкIыныгъэшхуэ иIэщ дуней псом адыгэу тетым я щIэныгъэлIхэр зэдэгъэлэжьэнымкIэ, къэхутэныгъэхэр зэдрагъэкIуэкIынымкIэ, лъэпкъым ифI къызыхэкIын, лъабжьэшхуэ зиIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр къагъэщIынымкIэ къару ин къыкъуэкIыну.

Зы лъабжьэ уиIэу, зы хабзэ зепхьэу, ауэ къэрал зэхуэмыдэхэм ущыщыпсэукIэ, щIэныгъэ еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ущыщылажьэкIэ, бзэ куэд зыщIэхэр къыщыпхэткIэ, мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ щIэныгъэлI псоми ди лэжьыгъэр ину утыкум зэрыщыдгъэIуным иужь дитын хуейуэ, - жеIэ Шыбзыхъуэм.



КъыхэгъэщыпхъэщI зи гугъу тщIы пщащэм и лэжьыгъэм, бгъэдэлъ щIэныгъэм къадэкIуэу, хэлъ цIыхугъэр, нэмысышхуэр, зэхэщIыкI куур, щабагъэр, гуапагъэр, шыIэр. Ар сыт щыгъуи хьэзырщ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIигъэкъуэну. А хьэл-щэн дахэ псори ящIыгъужщ щIэныгъэрылажьэ бзылъхугъэм хэлъ ерыщагъымрэ быдагъымрэ.

Сыту гуапэ МыIуминат и щапхъэр нэгъуэщIхэм яхуэпIуэтэн къудейр!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.**

# Идархэ: зы пэж къыхахри, гурэ псэкIэ хуэщыпкъащ

**IыхьиплI хъууэ 1854-1857 гъэхэм урысыпщ Долгоруков Пётр къыдигъэкIыгъауэ щыта «Урысей лIакъуэ тхылъым» итщ: «Черкасскэхэр Къэбэрдейм къикIащ, адыгэпщ Инал и щIэблэм щыщщ. Мысырым тепщэныгъэр щызыIыгъа сулътIаным къытепщIыкIыжахэр ноби Къэбэрдейм щопсэу, урысыпщ Черкасскэхэм я унэкъуэщу, я лъэпкъэгъуу зэрыщытми шэч хэлъкъым. Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ахэр Къэбэрдейм къикIыурэ пащтыхьым къулыкъу хуащIэну Урысейм къакIуэрт, чыристан диныр, Черкасскэ цIэм и гъусэу, къащтэрт, унагъуэ щащIыжырти, мыбдеж къыщынэжырт. ЛIыгъэрэ губзыгъагъэкIэ зи пщIэр къэзылэжьыжа Черкасскэхэр урыс пщы цIэрыIуэхэмрэ уэркъышхуэхэмрэ зэи япикIуэтакъым, уеблэмэ цIэрыIуагъэрэ зэфIэкIкIэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ хъуат».**

ЧЕРКАССКЭХЭР лъэпкъкIэ Идархэ ящыщщ. Адыгэхэр зэгуэзыгъэхьэгъа Инал Нэху и къуэ Табылэ и къуэ Инармэс и къуэщ Идар, абы дежщ а лIакъуэр къыщежьэри. Идар и анэр бжьэдыгъупщ Хъымыщ Елджэрыкъуэ ипхъут.

Пщы Идархэ я лъэпкъыр Урысейм къудамищу щызэхэкIащ. Ахэр Идар и къуэхэу Темрыкъуэ, Къамбулэт, Жылэгъуэт сымэ я деж къыщожьэ.

Идархэ я щIэблэр XIX лIэщIыгъуэм нэс къиубыду хъарзынэу къахута хъуащ. Мы тхыгъэр зытеухуар Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я тхыдэм лъэужь къыхэзынахэрщ. Идархэ ящыщу нобэ дунейм тетхэр Инал Нэху и епщыкIубгъуанэ лIэужьщ. Ахэр адыгагъэм «зэрыхэкIрэ» куэд щIами, урыс фащэр щатIэгъами, я къежьапIэр ящIэ, тхыдэм мыбзаджэу щыгъуазэщ, уеблэмэ къызыхэкIам ирогушхуэ, ар я напщIэм телъщ.

## Темрыкъуэ и щIэблэр

1552 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэр Къэбэрдейм икIа лIыкIуэхэм япэ дыдэу Кремлым щаIущIащ. Ахэр зытекIухьар зы Iуэхут: къэрым тэтэрхэм я теуэ мыухыжхэмрэ тырку сулътIаным зэрихьэ хъуагъэщагъэхэмрэ щихъумэнырт, дарэгъу къахуэхъуу бийм пэщIэтынымкIэ къакъуэувэнырт. 1557 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Мэзкуу пащтыхьым деж Идар Темрыкъуэ и лIыкIуэ гупыр аргуэру кIуащ. ЗытекIухьари япэрей щхьэусыгъуэр арагъэнущ. Ауэ мызыгъуэгум Iуэхум зыри зэрыщымыгугъауэ зызэридзэкIащ.

1560 гъэм шыщхьэуIум и 7-м Иуан ЕплIанэм и щхьэгъусэ Анастасие дунейм ехыжащ. А мазэ дыдэм и кIэхэм пащтыхьым и лIыкIуэхэр лъыхъу Польшэм, Швецием, Къэбэрдейм игъэкIуащ. КъуэхьэпIэмкIэ пащтыхьым щхьэгъусэ хуэхъун щигъуэтакъым, ауэ Къэбэрдейм икIа нысашэр 1561 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Мэзкуу дыхьащ. Иуан хуашар Гуащэнейт, Идар Темрыкъуэ ипхъурт. Гуащэм Кремлым дэт, Тхьэнанэ дунейм щехыжа махуэм и цIэкIэ ягъэува члисэшхуэм (Успенский собор) чыристан диныр Iэтауэ къыщищтэм, Марие цIэуэ къыфIащащ, и нэчыхьри кIэщIу ятхащ. 1563 гъэм Гуащэней щIалэ цIыкIу къыщIэхъуат, ауэ ар куэдрэ псэуакъым. Гуащэней гъащIэ кIыхьтэкъым. Пащтыхьым и гъусэу Вологдэ здэщыIэм, щIыIэр къыщеуэкIри, абы ихьыжащ. Илъэсийщ ахэр зэрызэдэпсэуар. Гуащэр Кремлым дэт, Тхьэшхуэхьыжым и цIэкIэ ягъэува бзылъхугъэ къулъшырыфым (Вознесенский девичий монастырь) щыщIалъхьэжащ, и кхъащхьэри нобэр къыздэсым абы хъума щыхъуащ.

Гуащэней тыншыгъуэ иIакъым, зыхыхьам захигъэзэгъэну хэтами, гугъу ехьащ. Абы и гъащIэр къызэрекIуэкIам Iэджэпц Iи хэлъщ. Адыгэ жангуащэм теухуа тхыгъэ щхьэхуэ догъэхьэзырри, мыбдеж абы зыщедгъэукъуэдиинкъым.

Гуащэней и дэлъхухэр - СулътIанкъулрэ Мамсырыкъуэрэ - пащтыхь гулъытэ зыгъуэтахэм ящыщщ. Чыристан диным щихьэм Михаил цIэр зрата СулътIанкъул лIыгъэжьыр игъэлъагъуэу къэрым тэтэрыдзэм куэдрэ езэуащ. ЗэрыджатэрыхахуэмкIэ къыхэкIыу, ар пащтыхьым дзэм и Iэтащхьэ ищIащ, куэд дэмыкIыуи чэнджэщ къызыпих и блыгущIэтхэм яхилъытащ. 1571 гъэм хъан Долэтджэрий Мэзкуу хэщIыныгъэшхуэ къриту къебгъэрыкIуауэ щытащ. Бийр и гущIыIу къызэрихьам къызэщIигъэплъа Иуан ЕплIанэм щысхь имыщIэу и дзэпщхэм ящыщ куэдыр зэтриукIат. Абыхэм яхэхуащ СулътIанкъули.

Мамсырыкъуэ Мэзкуу щыкIуар 1565 гъэрщ. И къуэш СулътIанкъул хуэдэу, ари шынэ зымыщIэ зауэлI пхъашэт. IэщакIуэт, тегушхуэгъуафIэт: шынагъуэ пэтми, Тэрч и Iуфэм быдапIэхэр щызыухуахэм ар яхэтащ. 1570 гъэм къэрым тэтэрхэм гъэру яубыдри, лъэхъуэщым илъэсийкIэ исащ. Къигъэзэжа нэужьи, и адэ Темрыкъуэ хиха гъуэгум текIакъым, псэуху Урысейм хуэпэжащ.

Мамсырыкъуэ и къуэ Къанщауэ, чыристан диным щихьэм Дмитрий цIэр зыгъуэтар, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэу щытащ. **1612 гъэм, Мэзкуу бырсырымрэ зэрызехьэмрэ щызэщIищтэм, Пожарскэ Дмитрий гъусэ пэж хуэхъуахэм ар ящыщщ**. Къанщауи, и адэхэм яхуэдэу, хъыжьэт, псэемыблэжт, шынэ ищIэртэкъым. Мыужьых зэрызехьэр гъэувыIэным, Мэзкуур полякхэм къаIэщIэхыжыным Къанщауэ IэщэкIи акъылкIи и гуащIэ хилъхьащ. Къэралым зэрыхуэпэжыр къалъытэри, а лъэхъэнэм щыIа IэнатIэ нэхъ лъагэ дыдэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Къанщауэ унагъуэ дахэ иухуат, щIалихрэ хъыджэбзитIрэ игъуэтат. АрщхьэкIэ щIалэхэм щIэблэ къащIэнакъым. Къанщауэ дунейм щехыжым, Темрыкъуэ и къуэпсыр абдеж щыпичащ.

## Къамбулэтыкъуэхэр

ЕтIуанэ къудамэр къыщежьэр Идар и къуэ Къамбулэт дежщ. Пщышхуэм къыщIэува зэкъуэшихыр хъуэпсэгъуэу, зэшхуэзэесрэ екIу защIэу, бланэрэ Iэчлъэчу зэры-



щытым къыхэкIыу. ЛIакъуэм щхьэкIэ Къамбулэтыкъуэхэр жаIэрт,

Къамбулэт Иуан ЕплIанэм 1578 гъэм тхылъ хуитхыгъат, и къуэ Къэрэщей абы деж къулыкъу щищIэну Iэмал кърритыну иту. Пащтыхьыр арэзы щыхъум, Къэрэщей Мэзкуу кIуащ. Чыристан диныр къищтэу Борис зыфIаща щIалэм и цIэр щIэх дыдэ дахэкIэ игъэIуащ. Серпухов къалэм и щIыбкIэ къулыкъу зыбжанэрэ щищIа нэужь, 1591 гъэм ар Тулэ дэт Дзэшхуэм и Iэтащхьэу ягъэуващ. Хъан Къазджэрий Мэзкуу иубыдыну къыщебгъэрыкIуэм, гуащIэу пэщIэтахэм ящыщщ. Абы щыгъуэ яуса урыс уэрэдыжьым мыпхуэдэу хэтщ: «Къэбэрдеижьыр къошэс, зауэлI хъыжьэр къыдошэсыкI». Зи гугъу ищIыр зи зэуэкIэр телъыджэ ящыхъуа Къэрэщейщ. Романовхэ IыхьлыгъэкIэ зэрапыщIам гугъуехь къыхуихьащ абы: тепщэныгъэр яхузэрымыгъэгъуэту Урысейм щекIуэкIа зэрыхьзэрийм и щхьэл мывэм езыри и унагъуэри дихьэжат - Белоозеровэ щIыпIэ пхыдзам ягъакIуэри, абы дунейм щехыжащ.

Къэрэщей и къуэ Иуани бэлыхь зрагъэшэчахэм ящыщщ. Ауэ Романовхэ бжьыпэр щаубыдыжым, Къэрэщей и быным я пщIэр къаIэтыжащ, мылъкуу яфIэкIуэдари иратыжащ. Иуан цIыхум нэмыплъ яримыту, бжьы зэрынар зэрихыжыфу зэрыщытым къыхэкIыу, IэнатIэ лъагэ куэд къыхуагъэфэщащ, дэтхэнэри къэралым и къуэлыкъу нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщу. Иуан дзэм, хамэ къэрал Iуэхухэм, къэрал мылъкум епха къулыкъущIапIэхэм я унафэщIу щытащ.

Иуан 1642 гъэм дунейм ехыжащ, бын зыри къыщIэмынэу. Абы и мылъкур 1624 гъэм пащтыхьым къулыкъу хуищIэну Мэзкуу кIуа Къамбулэт и къуэ Къундет къыхуэнащ. Абыи чыристан диныр къищтащ, Яков цIэр и гъусэу. Къундет къэрал лэжьакIуэм иIэн хуей щэн псори хэлът: Iущт, набдзэгубдзаплъэт, жыжьэ плъэт, пэжым и телъхьэт, къикIуэт ищIэртэкъым. Ари дзэ хуэIухуэщIэхэмрэ хамэ къэрал Iуэхухэмрэ епха къулыкъущIапIэхэм я унафэщIу щытащ. Къундет стратег телъыджэт, апхуэдэуи зауэлI хахуэт: полякхэм я щхьэр къаримыгъэIэту езэуащ. Пащтыхь Романов Алексей и лъэхъэнэм щыIа дзэпщ лъэрызехьэхэм ящыщу къалъытэ Къундет.

Къундет и къуэ Михаил Пётр Езанэм и блыгущIэтхэм ящыщащ. Ар зэрысабийрэ абы щIыгъуу къекIуэкIат. Пётр Езанэр тахътэм дэкIуея нэужь, Михаил и щыпкъагъэр къилъытэри, IэнатIэ нэхъ лъагэ дыдэр - дзыхьэщIэгъуу щытыныр - къыхуигъэфэщат. Михаил Новгородрэ Тобольскрэ дзэпщ пашэу щыIащ, пщэрылъ къыщащI Iуэхухэм хьэлэлу бгъэдэту, дэтхэнэ Iуэхури жану зэфIигъэкIыу. Пётр абы пщIэ хуищIу, фIэлIыкIыу, и псалъэм щIэдэIуу щытащ.

Тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзынахэм ящыщщ Михаил и къуэ Алексей. Абы къэрал IэнатIэ куэд ирихьэкIащ, ауэ къыхэгъэщын хуейщ ар Сыбырым и тету зэрылэжьар, пащтыхьым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу, кабинет-министру, хамэ къэрал IуэхухэмкIэ коллегием и президенту, канцлер нэхъыщхьэу зэрыщытар. Къэрал къулыкъушхуэхэр къанэ щымыIэу езыхьэкIа Алексей и адэжьхэм я щапхъэм псэуху тетащ - пцIыр дунейм трилъагъуэ хъууэ щытакъым, пэжым, абы нэр ирищIми, тетт.

Алексей и быным щыщу балигъыпIэм нэсар ипхъу закъуэращ - Варварэщ. Ар граф Шереметов Пётр щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытащ. Мэзкуу хэт Останкино хьэблэр зеяр Идархэщ, иужькIэ Шереметов лъэпкъым къыхуэнами.

Къамбулэт и къуэпсыр къуэ зимыIа Алексей деж щыпичащ.

## Жылэгъуэт и бынхэр

Идархэ я лъэпкъыр нобэ зыгъэкIуатэр Жылэгъуэт и щIэблэрщ. Жылэгъуэт и къуэ Къанкъылыш Щэнджэлей и цIэу зы щIалэ иIащ. Абы къуиблрэ хъыджэбзитIрэ къыщIэхъуат. «Мохэр пщы Идархэкъэ, Идархэ я Жылэгъуэткъэ, Жылэгъуэтхэ я Iэгум Вагъуэзэшиблыр доплъэрэ, къан вагъуэ цIыкIуитIыр допсэрэ...», - щыжеIэ зы къебжэкI цIыкIум. Мыри ахэращ зытеухуар: нанэхэр щыхъуахъуэкIэ, «Жылэгъуэт и быну убагъуэ, уи дыгъэ быным сэрэбэгъуэр хихьэ», жаIэ. Зэшхэм ящыщу тхыдэм лъэужь къыхэзынар щIалищырщ - Жылэгъуэт, Мусэлы, Щэнджэлей сымэщ.

Жылэгъуэт Урысейм щыкIуар 1631 гъэрщ. Чыристан диным щихьэм, Фёдор цIэр иратащ. Пащтыхь блыгущIэтхэм ящыщу ар цIыху гуащIафIэу, лIы пхъашэу щытауэ ятхыж. Жылэгъуэт унагъуэ ищIат, ауэ щIэблэ къыщIэнакъым.

Мусэлы Къэрымым гуащIэу пэщIэта дзэпщхэм ящыщщ. Урысейм дащIа тхьэрыIуэм хуэпэжу Къэбэрдейм къихьэ биидзэм зэрыпэщIэтым къыхэкIыу, абы пащтыхь Михаил и къуэ Алексей и Iэпэр зыщIэлъ тхылъ къыхуэкIуат, ар Тэрч быдапIэхэм я тепщэу къызэрилъытэр иту. Дзэпщ цIэрыIуэт Мусэлы и къуэ Къасболэти. Къэрымым гъэр зэтрищIауэ щыта зауэлIхэр щхьэхуит къызэрищIыжам папщIэ, пащтыхьым лъагэу иIэтат. Къасболэт Адэлджэрий и цIэу зы къуэ закъуэ иIащ, ауэ абыи щIэблэ къыщIэнакъым.

Щэнджэлей чыристан диныр къыщищтэм, Григорий цIэр къыфIащащ. Ар пащтыхь Михаил и къуэ Алексей и блыгущIэтхэм ящыщащ, и гъусэу поляк теуэкIэ зэджэ зекIуэм хэтащ, лIыгъэ щигъэлъэгъуащ. Щэнджэлей япэщIыкIэ Астрахань, итIанэ Царицинэ къалэм я дзэпщ пашэу щытащ. Щэнджэлей Данил и цIэу зы къуэрэ Еленэ и цIэу зы хъыджэбзрэ иIащ.

Зэшхэм я къуэш Алыджыкъуэ и къуэщ Михаил. Абы иIа пщIэм хуэдэ зиIа нэгъуэщI къэрал къулыкъущIэ тхыдэм къыщыгъуэтыгъуейщ. Пётр Езанэр тахътэм зэрытехьар ямыдэу шабзауэхэм зыкъыщаIэта лъэхъэнэрщ Михаил и Iулыджым щыхэхъуар: Михаил зи лъэныкъуэ иубыдар пащтыхь щIалэрщ. «Шабзауэхэм я иужьрей пщэдджыжьыр» жыхуиIэ Суриков Василий и сурэт цIэрыIуэм къыщыдолъагъу Пётр Езанэм къыбгъурыт лIыжь жьакIэху уардэр. Михаилыр аращ. Мыри жыIэн хуейщ. Хамэ къэрал щыIауэ къыщыкIуэжым, Пётр и блыгущIэтхэм я жьакIэр яупсыну япиубыдауэ щытащ. ЦIыхуищщ абы химыубыдар: патриарх Адриан, Черкасскэ Михаил, Стрешнев Тихон сымэщ. Урысейм япэ генералиссимус хъуари Михаилт.

Михаил къуищ къыщIэнащ: Василий, Андрей, Борис сымэ. Василий бын иIакъым. Андрей Александр и цIэу зы къуэ иIащ, ауэ абыхэм я къуэпсыр XIX лIэщIыгъуэм и кIэ дыдэхэм щыпичащ. Нобэм къэсар Борис и щIэблэрщ.

Борис и къуэ Пётр дзэм щыхыхьар Пётр Езанэм и лъэхъэнэрщ. 1735 гъэм абы полковник цIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Пётр Бахъшысэрей зекIуэм хэтащ. Абдеж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Пётр дзэ пакIищ и IэмыщIэ кърaлъхьэри, дзэм и бригадир ящIат. 1760 гъэм Пётр Мэзкуу къалэм и Iэтащхьэу трагъэуващ. Абы и тетыгъуэм къалэм хэпщIыкIыу зиубгъуат, пыIудзауэ щыс къуажэхэр къалэм къыхигъэхьат. Пётр и лъапсэжьыр нобэрей Никольскэмрэ Ильинкэмрэ я уэрамхэм щызэхыхьэжым деж хуозэ, Черкасскэхэм я уэрамышхуэмрэ уэрам цIыкIумрэ а лъэхъэнэм и щIэинщ.

Пётр и къуэ Борис ипхъущ дуней псом щыцIэрыIуэ оперэ уэрэджыIакIуэ Черкасскэ Марианнэ. Оперэ гъуазджэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ, апхуэдизкIэ и уэрэд жыIэкIэр хьэлэмэтщи: и макъыр щабэу, ауэ Iуву зэхэту къежьэрэ ищхьэкIэ щыдэкIкIэ пшыналъэу зэрылъэлъу, ауэ «гъущIыкIэхэр» къыхэлъэлъу апхуэдэт. Марианнэ 1918 гъэ пщIондэ Мариинскэ театрым и уэрэджыIакIуэ пашэу щытащ. Революцэм и ужькIэ, къызыхэкIар щхьэусыгъуэ къыхуащIу зэхэзехуэн ящIу щыхуежьэм, хэкур ибгынащ. Абы щхьэкIэ жаIэрт: «И унагъуэцIэм ещхьу и хьэлыр гуащIэщ». Абы щыхьэтщ мы хъыбарыр. И гъусэхэр епцIыжу адмирал Колчак большевикхэм щрагъэубыдым, ар щхьэкIуэ зыщыхъуа Марианнэ итхат: «Колчак епцIыжа генерал Жанен лIыуэ зилъытэжмэ, щIакIуэкIапэ къыздытреувэ, къэхъуа щIэпхъаджагъэр бгъэгъункIэ Iэмал иIэкъым», - жиIэри. «ЦIыхубзым дауэ сыпэувын», - жиIауэ къаIуэтэж Жанен, фэрыщIу пыгуфIыкIри... Марианнэ зэрыадыгэ щылъхур зэи ибзыщIакъым - адыгэ щIыкIэуи напэм ипэ зыри иригъэщакъым.

Марианнэ Ригэ дунейм щехыжри, абы щыщIалъхьэжащ. ЩIэблэ хъарзынэ къыщIэнащ, псори гъуазджэм пыщIащ, оперэмрэ балетымрэ епхащ.

Черкасскэ Борис и къуэ Михаил Урысей хыдзэм и контр-адмиралу щытащ. Михаил шыщхьэмыгъазэт, хабзэм теухуауэ къикIуэт имыщIэу ткIийт, пхъашэ щхьэкIэ, залымыгъэр зымыдэт, захуагъэр дэни тепщэ щызыщI хыдзэпщ нэст. Михаил и унафэ щIэт хыдзэлIхэм ар зыми пащIыртэкъым. 1917 гъэм Балтий хыдзэм и штабым и унафэщI Михаил ящIри, революцэр къэхъеиху а IэнатIэм пэрытащ. Ауэ ар плъыжьхэм я ныпым щIэувакъым, хужьыдзэм хэту большевикхэм езэуащ, и щхьэри а зэрызехьэм хилъхьащ.

ЯхуэфIакъым Идархэ XX лIэщIыгъуэр, лъэпкъыжь куэдым яхуэдэу, кIуэдыпIэм нигъэсащ. Псэууэ къэнахэм я щхьэр хэкум ирахри, хамэ къэралхэм къыщыщIидзащ. Лъэпкъыр нобэ Латвием, Франджым, Америкэм щопсэу.

Урысейм къинар Михаил къыщIэна и къуэ закъуэ Борис и унагъуэрщ. Мэзкуу дэт къэрал техникэ университетыр къиуха нэужь, Борис зауэ хуэIухуэщIэхэм тещIыхьауэ Кронштадт дэт заводым щылэжьащ, 1943 гъэм къыщегъэжьауэ дунейм ехыжыху ар топ Iэщэ лIэужьыгъуэхэр щызэпкъралъхьэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм щылэжьащ. Борис зы къуэ закъуэ иIащ - Михаил. Абыи къыщIэхъуар зы щIалэщ, 1989 гъэм къалъхуа Михаилщ.

Тыркум щыпсэу ХьэтIохъущокъуэхэ я нанэм деупщIат, мыпхуэдиз адыгэ щылъхур хамэ лъэпкъхэм яхоткIухьыж, я лIыгъи я гуащIи абыхэм къахуэнэу. Идархэ нэхъ щапхъэфI ухуейкъым, дауэ уеплърэ, жысIэри. «Пэжыр Iуащхьэшхуэм и щыгум телъу къызыщыгъэхъуи, ар къыпIэрыхьэ къудеймэ, а щыгум узэрыдэкI лъэныкъуэм мыхьэнэ иIэжкъым. Идархэ адыгэм яхэмысыжми, зы пэж къыхахри, гурэ псэкIэ хуэщыпкъащ. Ари зы гъуэгущ, ари зы лIыгъэщ. Абы ирикIуэри мащIэкъым», - жиIащ нанэм. Зэгуэр къуэпсыбэу щыта лъэпкъышхуэм къыхэнар зы щIэж закъуэми, щэ и уасэу зы уэстын жыхуаIэм хуэдэщ. Нанэм жиIар пэжу къызегъэлъытэ Черкасскэхэм я иужьрей щIэж Михаил и псалъэм: «Си анэжьхэр мыадыгэми, си адэжьхэр адыгэщ, абыхэм сракъуэпсщ, зесхьэр абыхэм я цIэрщ». ЦIыхум къыхиха пэжыр гъуазэ тэрэзмэ, упэщIэтыфынукъым.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

# Фестивалхэм я фестивалыр зэхуащIыж



**Налшык и Музыкэ театрым жэпуэгъуэм и 31-м гуфIэгъуэ щытыкIэм иту щызэхуащIыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - илъэси 100» еханэ урысейпсо кинофестивалыр, республикэм и къэралыгъуэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум траухуар.**

ИДЖЫРЕЙ фестивалыр къалъытащ фестивалхэм я фестивалу. Абы хыхьэу ягъэлъэгъуащ урысейпсо, дунейпсо кинофестивалхэм щагъэлъэгъуа, саугъэт нэхъыщхьэхэр зылъагъэса фильм нэхъыфIхэр. Щэнхабзэ зэхыхьэшхуэм къытхуеблэгъащ Германием, Къэзахъстаным, Узбекистаным, Арменией, Беларусым, Колумбием къикIа хьэщIэхэр. Зэхыхьэ гуапэр ягъэдэхащ УФ-м и цIыхубэ артисткэ Рязановэ Раисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ Кириенкэ Зинаидэ, УФ-м и цIыхубэ артист Скляр Игорь, Урысейм щIыхь зиIэ и артистхэу Колесников Сергей, Кюрдзидис Эвклид, Смеховэ Аликэ, Руденкэ Любовь, актёр цIэрыIуэхэу Запорожский Макар, Беляев Юрий, Сагдулаев Рустам, Арменией щыщ режиссёр Оганесян Ани, Колумбием и уэрэджыIакIуэ икIи актёр Риберо Дмитрий, Германием щыщ актёр Орлянский Пауль сымэ.

Налшык къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ папщIэ актёр цIэрыIуэхэм киноконцерт зыбжанэ ятащ. «Чистый голос» белорус уэрэджыIакIуэ гупым хэт Тышко Аким иужьрей концертым щыжиIащ псоми фIыуэ ялъагъу «Беловежская пуща» уэрэдыр, пэшым щIэсхэр дежьууэ. Узбекистаным и цIыхубэ артист, «В бой идут одни старики» фильмым Ромео и ролыр щызыгъэзэщIа Сагдуллаев Рустам жиIащ куэдым ягу дыхьэ «У самого синего моря» уэрэдыр.

- Фестивалым хэтахэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фIэхъус гуапэ фызох! Махуэхэр блэлъэтащ, фестивалыр и кIэм нэблэгъащ, ауэ уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIа, фильм щIэщыгъуэхэр щагъэлъэгъуа зэхыхьэ дахэр гукъинэж зэрыфщыхъунум шэч хэлъкъым. Мыпхуэдэ зэIущIэхэм цIыхухэм лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу яритыр зэпсэлъэныгъэщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - ГъащIэм къыпещэ! Быдэу си фIэщ мэхъу пандемием дытекIуэу къыкIэлъыкIуэ фестивалым ди ныбжьэгъухэр къызэредгъэблэгъэнур! Новожилов Сергей фIыщIэ хуэфащэщ республикэм исхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ гъэ къэс зэригъэгуфIэм папщIэ!

- Киногъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм IэмалыфI яIащ кинотеатрхэм иджыри щамыгъэлъэгъуа кино нэхъыфI пщIы бжыгъэхэм ди фестивалым щеплъыну, - жиIащ зэхуэсым и унафэщI, продюсер, артист, сценарист, киновед Новожилов Сергей. - Артист Iэзэхэм республикэм актёр Iэзагъэм зэфIэкI щызиIэ и щIалэгъуалэм папщIэ мастер-класс щхьэпэхэр ятащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр гуапэу къызэрытIущIамрэ хьэщIагъэ къызэрыдахамрэ телъыджэ тщыхъуащ!

Псом хуэмыдэу Новожиловым къыхигъэщхьэхукIащ дамыгъэ 50-м нэблагъэ зыхуагъэфэща «Жаным, ты не поверишь» комедиер, Богатырёв Андрей и «Красный призрак» фильмыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щытраха «Детство Чика», «Маленький воин», «Райцентр» лэжьыгъэхэр. СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Борзовэ Еленэрэ артист Шкляев Владиславрэ я мастер-классхэр республикэм и актёр щIалэхэм я дежкIэ гъэщIэгъуэнт икIи щхьэпэт.

ХьэщIэхэм я гъусэу, алэрыбгъу лъагъуэм техьащ республикэм и лъэпкъ театрхэм я актёр пажэхэри. Урысей кином и вагъуэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ Кириенкэ Зинаидэ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ. ХьэщIэхэм республикэм и щIыпIэ дахэхэм, Лъэпкъ музейм зыщрагъэплъыхьащ, щIыналъэм и тхыдэм хагъэгъуэзащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм и YouTube-каналымрэ республикэм и «1 КъБР» телеканалымкIэ кинофестивалым иращIэкI пшыхьхэр эфир занщIэкIэ къатащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*









# Адыгэ щIалэм къэпщытакIуэхэр къыдехьэх

**Япэ урысейпсо къэрал телеканалым и «Голос» шоум и утыкум гукъинэжу зыкъыщигъэлъэгъуащ Адыгэ Республикэм щыщ уэрэджыIакIуэ Тлъыней Алий. Ар я гъэсэнщ Бериашвили Этерирэ Долинэ Ларисэрэ.**

АЛИЙ зэкIэлъыкIуэу илъэсиблкIэ «Голос» шоум хэтыну и тхылъхэр игъэхьа, кастингым илъэситхукIэ, «нэфгъэжей едэIуэныгъэхэм» илъэсищкIэ хэта нэужь, иджы къызэрагъэпэща едэIуэныгъэм и зэфIэкI щигъэлъэгъуэну и насып къикIащ икIи къэпщытакIуэм хэта псоми я гупэр къыхуагъэзащ. Абы жиIащ Gnarls Barkley гупым ягъэзащIэ «Сумашедший» уэрэдыр.

- Узыщыщ хэгъэгум и цIэкIэ федеральнэ каналым хуэфащэу зыкъыщыбгъэлъэгъуэныр, дауи, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэхущ. Аращ сценэм сызэрихьэу сыгузэвэныр къызыхэкIари. Роялым сызэрытIысу, си Iэпэхэм кIэзызын щагъэтащ, сэри зытезубыдэжащ икIи утыкум сызэрихьэу сигу ислъхьащ зэпеуэм сызэрыхэтыр зыщызгъэгъупщэу къызэхуэсахэм си уэрэдыр тыгъэ яхуэсщIыну, - игу къегъэкIыж Алий. - ЗэфIэкI зиIэ цIыху цIэрыIуэхэм сахэтыну, ахэр зэзгъэцIыхуну, нэхъапэIуэкIэ утыку щыжызмыIа уэрэдхэр згъэзэщIэну проектым Iэмал къызэрызитыр уасэншэщ. КъищынэмыщIауэ, Пелагея и гъусэу адыгэбзэкIэ уэрэд жысIэну си хъуэпсапIэщ!

Макъамэр гукIи псэкIи зыпэгъунэгъу унагъуэм къыхэкIа щIалэр, дауи, пасэу макъамэ гъуазджэм дихьэхащ. УзыIэпишэу адыгэ пшынэр зыгъэбзэрабзэ и къуэш нэхъыжьым дэплъея Алий, илъэсиплI ныбжьым щитым уэрэд жыIэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Арат унагъуэм исхэм я пащхьэм щIэх-щIэхыурэ концертхэр щитынри, шыкIэпшынэм зыхуигъэсэну щIэхъуэпсынри къызыхэкIар.

КъыдэкIуэтея нэужь, Алий и адэ-анэр къигъэуIэбжьащ, скрипач IэщIагъэр зригъэгъуэтыну зэрыхуейр яжриIэри. И анэшхуэращ занщIэу щIалэ цIыкIум и телъхьэ хъуар - КъуэкIыпIэ къэрал музейм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и унафэщIу щыта Кушу Нэфисэт. ИужькIэ, Алий зыщIэхъуэпс макъамэ Iэмэпсымэр и анэшыпхъум тыгъэ къыхуищIащ, и анэр арэзы хъури, макъамэ дерсхэм игъэкIуащ.

Иджыри курыт еджапIэм щыщIэсым, Алий япэ зэпеуэр къихьат. Гран-прир къызэрыхуагъэфэщам теухуа хъыбарыр щызэхихам, гуфIэгъуэм апхуэдизкIэ зэщIиIэтати, зыхуэмыубыду кIийрт, пкIатэ-лъатэрт.

Курыт еджапIэ нэужьым, япэщIыкIэ ар Адыгэ Республикэм ГъуазджэхэмкIэ и колледж, Тхьэбысым Умар и цIэр зезыхьэм, скрипкэмкIэ щиIэ къудамэм щIэтIысхьащ. ИужькIэ Алий щеджащ Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ урысейпсо макъамэ академием. Ещанэ курсым щыщIэсым абы къыгурыIуащ оркестрым зэрыхуэхамэр икIи Москва щэнхабзэмкIэ и къэрал институтым эстрадэ-джаз гъуазджэхэмкIэ и кафедрэм уэрэд жыIэнымкIэ и къудамэм зригъэдзыжащ.

Тлъыней Алий дызыхуэкIуэ гъэм и гъатхэм итыну иубзыхуа и концертым зыхуегъэхьэзыр. Ди лъэпкъэгъу щIалэм и мурадхэр къехъулIэну, макъамэм зэфIэкI инхэр щызыIэригъэхьэну дыхуохъуапсэ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион***
***ЕпщыкIубланэ джэгугъуэ***
***«Спартак-Налшык» - «ТIуапсы»***
***Налшык. «Спартак» стадион.***
***ЩэкIуэгъуэм и 5.***
***Сыхьэт 15-м***

Ди хьэщIэщым ЗэIущIэ

# КЪУЩХЬЭ Каринэ: УкъэувыIэмэ, зэманым улъэщIыхьэнукъым

*Гъэсэныгъэ щIэныгъэм и лъабжьэр Урысейм щызыгъэтIылъа Ушинский Константин 2023 гъэм илъэс 200 зэрырикъур и щхьэусыгъуэу, Президент Путин Владимир къыхилъхьащ дызытехьэну гъэр «Гъэсакlуэм и илъэсу» щытыну. А хъыбарым пэджэжу къытщохъу «Урысейм и егъэджакlуэ-2021» зэпеуэм ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу хэта, къэралым япэ щища цIыху 15-м ящыщ хъуа, Май къалэ дэт курыт еджапIэ №5-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къущхьэ Каринэ ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ гъунэгъуу къедгъэцIыхун мурадкIэ дызэреуэршэрылIар.*

**- Уи инстаграм напэкIуэцIым упщIэ щызэбгрыптыкIат зымахуэ: «Сыт щIэн хуейр егъэджакIуэ IэщIагъэм и пщIэм зиIэтыжын папщIэ?» «И улахуэм хэгъэхъуэн хуейщ», - жаIэу, къыпхуэзытхахэм я бжыгъэр мынэхъыбэу си фIэщ хъуркъым. Уэ езым сыт хуэдэ жэуап ептынт а упщIэм?**

- Дэтхэнэ егъэджакIуэм дежкIи псом нэхърэ нэхъапэр иригъаджэ сабийм и щIэныгъэмрэ и гъэсэныгъэмрэ зэпхауэ гулъытэ ин хуищIу дэлэжьэнырщ. Нобэ псоми къыдгуроIуэ узыIут Iэнатlэм щыбгъэзащIэ лэжьыгъэм Iэмал имыIэу улахуэфI къыпэкIуэн зэрыхуейр. ЕгъэджакIуэр и IэщIагъэм игури и псэри етауэ хущытыфын папщIэ, зыхуей хуэза улахуэ хухахыну, къэралым къыбгъэдэкIыу нэхъ пасэм иIа пщIэр игъуэтыжыну сыхуейт.

Япэ къэсыр егъэджакIуэ хъуфынукъым, сэ сызэрегупсысымкIэ. Псом япэрауэ, сабийр фIыуэ лъагъун хуейщ. Абы и гум щыщIэ псори уэ нэсу къыбгурыIуэу, и гуфIэгъуэми, и гур хэзыгъэщIми ущыгъуазэу. А псом и гущIыIу къокIуэ егъэджакIуэм щIэныгъэ куу бгъэдэлъын зэрыхуейри. ЕджакIуэм къыбгъэдэкI упщIэ псоми я жэуапыр егъэджакIуэм деж щигъуэтыпхъэщ. Дерсыр зытеухуар щызэпкърихкIэ, абы и купщIэр сабийм деж нихьэсыфын, ар игу къинэн папщIэ, зытепсэлъыхьыр нэрылъагъу щищIу, курыт еджапIэм къыщIих щIэныгъэр гъащIэм къызэрыщыхуэсэбэпынур сабийм къыгуригъэIуэфу иригъаджэмэ, итIанэ езы еджакIуэми щIэныгъэм гулъытэ нэхъ ириту къэтэджыну къысщохъу.

Ди лэжьыгъэр зытеухуэжар ди щIэблэ къыдэкIуэтейр лъэпкъми, унагъуэми, къэралми я набдзэ хъун хуэдэу дгъэсэфынырщ. Ар къалэн нэхъыщхьэщ егъэджакIуэм дежкIэ. Езыри ар зыхузэфIэкIын IэщIагъэлI нэсу щытын хуейщ.

**- Зэпеуэм зыщыхуэбгъэхьэзырым адыгэбзэмрэ инджылызыбзэмрэ гъэщIэгъуэну зэрызупхам, абыкIэ США-м щыщ Емышэхэ я унагъуэр къызэрыбдэIэпыкъуам и лъэужь мащIэ тлъэгъуащ. Дауэ ар къызэрохъулIар? Сыт нэхъыщхьэ дыдэу къыхэпхар апхуэдэ утыкушхуэ узэрихьам?**



- «Илъэсым и егъэджакIуэ» зэпеуэр зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхагъэуват. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытар «гъэунэхуныгъэ» дерсырщ. Сэ згъэхьэзырын хуей темэу къыспэщIэхуари гъэщIэгъуэнт. «Сэ сыхэт?» упщIэм и жэуап еттын хуейуэ арат. Сабийхэм я цIэр, я ныбжьыр, къызыхэкIа унагъуэр, зыщыщ къэралыр, я бзэр зыхуэдэр жаIэфын папщIэ, лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щедгъэкIуэкIащ дерсым. Емышэхэ я унагъуэр сэбэпышхуэ къыщысхуэхъуащ абы. Дэнэ ущыIэми, сыт хуэдэ щIыпIэ ущыпсэуми, уи бзэр IэщIыб пщIы, уи лъэпкъыр, уи хабзэр пщыгъупщэ зэрымыхъунур, ар къыдэкIуэтей щIэблэм хыупщэн зэрыхуейр къызыхэщ видеоролик трахри, си еджакIуэхэм зыкъыхуагъэзат а щапхъэ зытепх хъуну унагъуэ дахэм.

ФIыщ зэпеуэшхуэм ухэтынуи, абы уи цIэр фIыкIэ къыщыхэщынуи, увыпIэ гуэр къыщыпхуэхьынуи. Ауэ нэхъыщхьэжу къызолъытэ абы щыслъэгъуа егъэджэкIэ Iэмалхэм си зэфIэкIыр зэрыхигъэхъуам сэри си лъэр нэхъ быдэ зэрищIар, нэхъыбэ сщIарэт, си еджакIуэхэм нэхъыбэ ябгъэдэслъхьарэт жысIэу гукъыдэж къызэрызитар.

**- Нобэ инджылызым бзэуэ щыIэр щыIуигъэкIуэт зэман дытехьауэ къысщохъу. Адэ-анэ куэдми къафIощI анэдэлъхубзэр ямыутIыпщмэ, я бынхэр гъащIэм къыкIэрыхуну, иджырей щIэныгъэм лъэщIэмыхьэну, къуажэдэсу къэнэну. Уэ сыт хуэдэ хэкIыпIэ хуэбгъуэтыр а Iуэхум?**

- Зы бзэ щыIэу си фIэщ хъуркъым зэран къыпхуэхъуну, ауэ сэ япэ дыдэ изгъэувэр къыбдалъхуа бзэращ. ЦIыху губзыгъэм ар сытым дежи япэ иригъэщынущ. Пэж дыдэу диIащ апхуэдэ зэман адэ-анэм адыгэбзэр сабийм IэщIыб ирагъэщIу. Ауэ ди бзэм ирилажьэхэр а Iуэхум иригузавэри, нобэ абы гулъытэ лей хуащIу щIадзэжащ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, а щыуагъэр тIэщIэкIами, иджыпсту зыкъэтщIэжу дыкъэушам хуэдэу, хуэфэщэн пщIэ анэдэлъхубзэм еттыжу си гугъэщ.

Нобэ инджылызыбзэм дуней псом япэ увыпIэ щиубыду жыпIэмэ, укъэпцIэнкъым, ари пэжщ. Ауэ сэ абы сызэреплъыр дуней псор зэзыгъэуIу бзэуэщ. ЩIэныгъэлIхэми къахуташ сабийми цIыхуми бзэ нэхъыбэ ищIэхукIэ зэрынэхъыфIыр.

**- Уэ инджылызыбзэм нэмыщI, иджыри испаныбзэрэ урымыбзэрэ бджыуэ зэхэтхащ. ИтIани, зэрыжыпIащи, «шу лъагъуэр зэпумычу гъущI гъуэгушхуэ утехьакъым». Адыгэбзэр дауэ ядэхъурэ абыхэм, жыхуэсIэщ?**

- Зыр адрейм зэран хуэхъуркъым. Бзэ нэхъыбэ пщIэхукIэ, уи щIэныгъэм хегъахъуэ, зыуегъэужь. Си диплом тхыгъэр щызгъэхьэзырым, сфIэгъэщIэгъуэну бзэхэр зэрызэщхьыр, зэрызэщхьэщыкI лъэныкъуэхэр къэсхутэу лэжьыгъэ езгъэкIуэкIати, ипэкIэ гу зылъызмыта куэд къыхэсхащ си анэдэлъхубзэми адрей бзэхэми. Адыгэбзэ, урысыбзэ, инджылызыбзэ - а бзищыр зэзгъапщэу арат. ЕтIуанэ, ещанэ бзэ щызэбгъащIэкIэ, ахэр уи бзэм щеплъытым деж, анэдэлъхубзэми нэхъ хэпщIыкIыу уохъу, ар нэхъыфIу къыбгурыIуэу, бзэм и дахагъэр нэхъ гунэсу зыхэпщIэу.

КIыщокъуэ Алим и псалъэхэри шэч зыхэмылъщ. Мы дунейм зы цIыху теткъым псори ищIэу къалъхуауэ. Зебгъэсэн хуейуэ аращ икIи зыпхуегъэсэну къысфIощI сыт ищIысми. Ауэ зы махуэ дэбгъэкI хъунукъым щIэ гуэр зумыгъащIэу. ЩIэныгъэм теухуауэ дыпсалъэу щытмэ, «уи щхьэ ущыгугъыжын папщIэ, зегъасэ, еджэ» зэрыжаIэм нэмыщI, псом нэхъапэжу уэ езым гукъыдэж уиIэн хуейщ. Ахэр сщIарэт, абыхэм зезгъэсарэт, жыпIэу. Зэманыр иджыпсту апхуэдизкIэ псынщIэу макIуэри, улъэщIыхьэн папщIэ, укъэувыIэн дэнэ къэна, укIэлъыжэн хуей мэхъу. Нобэ зи гугъу тщIа зэпеуэхэми наIуэу щыболъагъу нэхъыбэ зэзгъэщIарэт, нэхъ тегушхуауэ сыпсэуарэт жыпIэу ущытын зэрыхуейр.

**- Инджылызыбзэ щрагъэдж еджапIэ нэхъ ехьэжьахэм сабийхэр хамэ къэралхэм яшэурэ тхьэмахуитI-щыкIэ щагъэIэ, я щIэныгъэр здынэсыр къапщытэну, бзэр зыIурылъхэм я псэлъэкIэр я тхьэкIумэм къиIуэн хуэдэу. Адыгэ здэщымыIэ къэрал гъуэтыгъуейщ. Апхуэдэу бзэкIэ щызэхъуажэ еджапIэхэр къызэгъэпэщыным дауэ уеплърэ? «Мыр сщIэнт» жыпIэу сыт хуэдэ хъуэпсапIэ уи IэщIагъэм хуиIэ?**

- БзэкIэ щызэхъуажэ еджапIэхэр сэбэпынагъышхуэ зыхэлъ Iуэхугъуэщ. Ди адыгэбзэр хъума хъун папщIэ, апхуэдэ еджапIэхэр уиIэну, апхуэдэ зэIущIэхэр ебгъэкIуэкIыну Iуэху щхьэпэт. Ауэ сэ апхуэдэ лъэкIыныгъэ сиIэу къэслъытэркъым нобэкIэ. Сыщогугъ ди щIэныгъэлIхэм абы и Iуэху зрахуэну.

Си щхьэкIэ зыкъэсщтэжынщи, 2015 гъэм згъэунэхуащ апхуэдэ егъэджэкIэ Iэмалым къыпхуищIэр зыхуэдизыр. Гукъыдэж сщIыри, Италием мазэ псокIэ сыщыIауэ щытащ я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ щыгъуазэ сыщыхъун папщIэ. Сыдихьэхауэ, сфIэфу есхьэкIат а лэжьыгъэр. Аращи, апхуэдэ еджапIэр сэбэп зэрыхъунумкIэ сыщыхьэтщ.

Си хъуэпсапIэхэр зэхьэлIари зытеухуари еджакIуэхэрщ. Зэман гуэр дэкIмэ, абыхэм школыр къаухынущ. «Сыту щIэныгъэфI къыдбгъэдилъхьат, сытуи къысхуэсэбэпат абы дызыхуригъэджар, дызыхуигъэсар», - жаIэжмэ, ахэр цIыху губзыгъэу, гъэсауэ, насыпыфIэу дунейм тетмэ, мис аращ мыхьэнэшхуэ зиIэр.

**- Зэпеуэм ущыхэтым уи щIыбагъ цIыху пэж къызэрыдэтым къыбдэщIауэ хъуам гу лъатащ. Уи щхьэгъусэм утепсэлъыхьыфмэ, лъагъуныгъэм теухуауи псалъитI-щы?**

- Гурэ псэкIэ ппэгъунэгъу цIыху гъащIэм ущиIэныр насыпышхуэщ. Апхуэдэ цIыху си щIыбагъ дэмытамэ, си унагъуэмрэ си лэжьыгъэмрэ зэпэщ мыхъункIэ хъунт. Уи хъуэпсапIэу хъуар къыбдиIыгъыу, узыпэрыхьэ Iуэхум утригъэгушхуэу, сыткIи зыкъыпщIигъакъуэу гъащIэм гъусэ къыпхуищIа цIыхум уасэ имыIэу къызолъытэ.

**- Фи хъыджэбзым и цIэр Аишэщ, щIалэм - Умарщ, Тхьэм фызэкъуэту узыншэу фащхьэщигъэт! ЕгъэджакIуэлъ зэрыпщIэтыр «бжьиблкIэ зэрыуэр» зыхэпщIэрэ?**

- Си анэшхуэм егъэджакIуэ IэщIагъэм пщIэ хуищIу щытащ. И адэр къуажэм егъэджакIуэ цIэрыIуэу зэрыдэсарщ абы и щхьэусыгъуэр. Езыр егъэджакIуэ зэрымыхъуар и гукъеуэу, и бынхэми, абыхэм я быныжхэми а хъуэпсапIэр яIэригъэхьащ. Абы хущIегъуэжаи зыри къытхэткъым. Унагъуэр зы дыщыхъужам деж, ди псалъэмакъыр нэхъыбэу зэхьэлIар школырщ. «Мы фи педсоветыр щIэх иухыну», - жаIэурэ, къытщыдыхьэшхэу икIи дызэпамыудыфу апхуэдэщ ди Iыхьлыхэм.

Дэтхэнэ цIыхуми езым и гуращэ иIэжщ. Нобэ ди сабийхэм сыт хуэдэ IэщIагъэ къыхахыну пIэрэ жысIэу, иджыпсту абы и Iуэху зесхуэркъым. Езыхэм къыхахыну сыщогугъ я гур зэтауэ, яфIэфIу «срилэжьарэт» жыхуаIэ IэщIагъэ. Ауэ сыхуейщ си унагъуэм зэман куэдкIэ къыдекIуэкIа егъэджакIуэм теухуа хабзэр щысхъумэну, а лэжьыгъэм пщIэ лей хуащIу къэзгъэтэджыну.

*Епсэлъар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

# «СтIол хъурей» щхьэпэ

**Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м нэхъыжь классхэм щеджэхэмрэ «Къэлъыхъуэныгъэ» клубым хэтхэмрэ школым щаIущIащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием хэтхэм. «СтIол хъурейм» и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытащ «Урысей гвардием и лIыхъужьыгъэ напэкIуэцIхэр».**

ЗЭIУЩIЭР къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ Урысейпсо дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм Аруан районым щиIэ и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Шыбзыхъуэ Хьамсинэ** и жэрдэмкIэ.

Зэпсэлъэныгъэхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытащ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуныр, IэщэкIэ и Хэкур ихъумэжыфыныр, дзэ тхыдэхэм, хабзэхэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыщащIыныр.

НыбжьыщIэхэм драгъэкIуэкIа «стIол хъурейм» кърихьэлIащ Аруан районым щыIэ ПЦО МОВО-м и унафэщI **Кулиев ТIахьир**, Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къандэхъу Леонид**, «Кавказ гъунапкъэ» къэлъыхъуакIуэ гупым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ **Гулэжын Беслъэн**, куейм и хъыбарегъащIэ-методикэ центрым и директор **Балъкъэр Альбинэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэ **Къардэн Аксанэ**.

Къэхъун къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм и директор **Джатокъуэ Риммэ** къызэхуэсахэм захуигъазэу къыхигъэщащ школакIуэхэр хэкупсэу, къэралым и хъумакIуэ нэсу, Конституцэм къахуигъэув къалэнхэр ягъэзащIэу къэхъуну зэрыщыгугъыр.




Школым и «Къэлъыхъуэныгъэ» клубым хэтхэм хьэщIэхэм я нэгу къыщIагъэувэжащ Урысей гвардием и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъыщхьэхэр. 3-8-нэ классхэм щIэсхэр къеджащ къэралым и дзэ нэхъыщхьэхэм папщIэ усэхэм, уэрэд кIэщIхэр жаIащ.

«СтIол хъурейм» и етIуанэ Iыхьэм Урысей гвардием къикIахэм класс нэхъыжьхэм щеджэхэр щыгъуазэ ящIащ къулыкъу езыхьэкIхэм къыхуагъэув мардэхэм, абыхэм я къалэнхэм, Хэкум и къэкIуэнымкIэ дэтхэнэ зы цIыхухъуми жэуап зэрихьым.

АдэкIэ зэпсэлъэныгъэхэм къыпащащ «Кавказ гъунапкъэ» къэлъыхъуакIуэ гупым и унафэщI **Цыбин Викторрэ** Гулэжын Беслъэнрэ. Абыхэм жаIащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда Дзэ Плъыжьым и зауэлI 39-рэ къагъуэтыжу хуэфэщэн пщIэ яIэу 2021 гъэм зэрыщIалъхьэжар. Кавказ Ищхъэрэм и къэлъыхъуакIуэ гупыр къэралым и адрей щIыналъэхэм жыджэру зэрадэлажьэр, республикэм и щIалэгъуалэм щIэх-щIэхыурэ дерс щхьэпэхэр зэрыдрагъэкIуэкIыр. КъБР-м щыIэ гвардиемрэ «Кавказ гъунапкъэ» къэлъыхъуакIуэ гупымрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIам ипкъ иткIэ, зэщIыгъуу курп лъагапIэхэм дэкIащ, Iуэхугъуэ зыбжани зэдрагъэкIуэкIащ.

ЗэIущIэм и кIэухыу къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид хьэщIэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIам папщIэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Адэжь хэкум къыхуопабгъэ

**Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ ди лъэпкъэгъу щIалэ Чэгъэду Биберт мазитI хъуауэ и хэкум къэкIуэжауэ щопсэу, щолажьэ. Ар иджы Мейкъуапэ и «Зэкъошныгъэ» («Дружба») футбол гупым и тренер нэхъыщхьэщ. Биберт Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми къыщацIыху футболист цIэрыIуэщ. Нэхъапэм Налшык и «Спартак»-м, Краснодар и «Колос»-м щыджэгуащ.**





ЩIАЛЭР США-м и Паттерсон къалэм (Нью-Джерси штатым хохьэ) къыщалъхуащ. Къыщыхъуар адыгэ унагъуэщ. Чэгъэду Диабрэ Пщымахуэ Хьичмэтрэ щIалиплI яIэщ, зэчий зырызыххэ ябгъэдэлъэрэ адыгэбзэр екIуу ягъэшэрыуэу. Америкэм къыщалъхуа щIалэ цIыкIухэм анэдэлъхубзэр ящIэу къэтэджын папщIэ, Чэгъэдухэ я унагъуэр Иорданием Iэпхъуащ. Пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зэрихьэу Амман дэт адыгэ школыр къарагъэухыну. Абы илъэс зыхыблкIэ щыпсэуа нэужь Штат Зэгуэтхэм ягъэзэжащ. ЩIэныгъэ зырыз яIэрэ гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэIуэу къэхъуащ щIалэхэр икIи хэкужыр я псэм зэрыхэлъыр нэрылъагъуу щIэх-щIэхыурэ къокIуэж, пIалъэкIэ щопсэу, щолажьэ. ЩIалэхэм я нэхъыжь Нарт юристщ, Жэбагъы сурэтыщIщ, Бэрзэджи арт-гъуазджэм дехьэх, иджыблагъэ Налшык гъэлъэгъуэныгъэ щиIауэ щытащ, Биберт футболист лъэрызехьэщ.

«Адыгэу дыкъызэрызэтенар, адыгэбзэр зэрытIурылъыр, Тхьэм иужь зи фIыщIэр ди адэанэрщ. Ди адэшхуэ-анэшхуэри тлъэгъуащ, абыхэми адыгэбзэкIэ дагъэпсалъэрт, хабзэми дыщIапIыкIырт. Ди нэхъыжьхэм къытхалъхьа адыгэ хабзэм дызэтриIыгъэщ, шыIэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ дытригъэтщ», - жаIэ щIалэхэм.

Биберт футбол джэгуным щыхиша гъуэгур университетым къыщыщIидзащ, абы щIэсыху еджапIэ нэхъыщхьэм и гупым хэтащ. ИтIанэ Иорданием и гуп къыхэхам хэту Урысейми, хамэ къэрал куэдми щыджэгуащ. 2008 гъэ лъандэрэ тренеру мэлажьэ. Америкэм и футбол лигэм и тренеру щытащ, итIанэ Футбол академием и техническэ директору лэжьащ.

- Сэ пасэу футбол джэгун щIэздзащ. Иджыри дысабийуэ гуп зэхуэсщэсурэ згъэджэгурт. Ильэситху ныбжьым щегъэжьауэ, «ин ухъумэ, сыт узэрыхъунур?» - жаIэу къызэупщIыху, футболист сызэрыхъунур яжесIэрт, - игу къегъэкIыж Биберт.

Чэгъэдухэ лъэпкъкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ, Арuан щIыналъэм хиубыдэ Анзорей, Урыху къуажэхэм дэсхэщ. Я адэжь хэкум быдэу къыпыщIа щIалэхэм зыщагъэгъуащэркъым я къежьапIэр. Абы и щыхьэтщ ахэр щIэх-щIэхыурэ къызэрыкIуэжыр. КъэкIуэжым и мызакъуэу, Биберд жиIэ зэпытщ: «Си хэкум си фIыгъэ езгъэкIыну сыхуейщ». Мис апхуэдэ гурыщIэщ ар иджыпсту Адыгэ Республикэм къэзышэжари. ЩIалэр мазитI лъандэрэ тренер нэхъыщхьэу мэлажьэ.

- Сэ сыкъызэрыкIуэрэ «Зэкъошныгъэр» зытхухрэ ихьащ футбол губгъуэм. КъыщыттекIуаи дащытекIуаи къэхъуащ, ауэ футболистхэм я джэгукIэр зэредгъэфIэкIуэным иужь дитщ. Нэхъапэм 17-нэ увыпIэм щытамэ, иджы 12-нэм нэс дэкIуеящ. Сигу ирохь гупым хэтхэр. ФIэщхъуныгъэ яхэлъу мэджэгу, текIуэныгъэ зыIэрыбгъэхьэнымкIэ аращ нэхъыщхьэр. КъищынэмыщIауэ, къыдэплъыну, къыддэщIыну къакIуэхэм къару къытхалъхьэ. Ахэр я тIысыпIэхэм щысу къэгуоун щIадзэмэ, футболистыр куэдкIэ нэхъ тогушхуэ», - жеIэ Биберт.

Мейкъуапэ лэжьэн зэрыщыщIидзэу, футбол гупыр нэгъуэщI командэ лъэрызехьэхэм дэджэгун хуей хъуащ. Абы нэхъ псынщIэу лэжьыгъэм хишауэ жыпIэ хъунущ. ЩIалэм зэрыжиIэмкIэ, футболист 24-рэ мэхъу иджыпсту и командэр. Езыр къызэрыкIуэрэ цIыхуи 10 хуэдиз къыхишащ. Абыхэм фIыкIэ щогугъ, ауэ командэм хэта зыбжанэми лъэщу зыкъагъэлъагъуэри, абы игу игъэкIуэдыркъым. Дяпэкlэ тренеровкэхэм нэхъ и нэIэ тригъэтыну и мурадщ Чэгъэдум, апхуэдэуи гупым адыгэ щIалэ нэхъыбэ къыхишэну и хъуэпсапIэщ.

- Къэралыгъуэ жыжьэм сыкъыщыхъуами, си унагъуэр, си ныбжьэгъухэр Америкэм щыIэми, нобэ си хэку сыкъэкIуэжауэ, си унэ сыщIэсу къысщыхъу сыщыIэщ Мейкъуапэ. Си хэкум зыгуэркIэ сыкъыхуэсэбэпыныр сэркIэ насыпщ. Сыкъезыгъэблэгъахэм фIыщIэ яхузощI. «Зэкъошныгъэр» гуп лъэщ хъуным Iэмалрэ зэфIэкIыу сиIэр есхьэлIэнущ, - жеIэ Америкэм къыщалъхуа адыгэ футболистым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Къандур Мухьэдин и «Иужьрей щэкIуэгъуэ»

**Котляровхэ я тедзапIэм иджыблагъэ урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ Къандур Мухьэдин и романыщIэ. Япэ напэкIуэцIым щегъэжьауэ и кIэм нэс укъимыутIыпщу уззыгъаджэ тхылъыр «УрысеищIэм и роман» зыхужаIэхэм ящыщ хъуащ.**

КЪАНДУР Мухьэдин и романым къытхутопсэлъыхь тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор:

- «Иужьрей щэкIуэгъуэр» цIыхум унафэ щIыныр къыIэрыхьэным зэрыхуэпабгъэм, гъащIэмрэ лIэныгъэмрэ хэIэбэну къару зэримыIэм арэзы къызэримыщIым, «натIэм ит» жыхуэтIэ ухыгъэм и къару фIэкIыпIэншэм теухуащ. Романым лIыхъужь нэхъыщхьэ хуэхъуащ африкэ къумым лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ къыщилъыхъуэу щакIуэ кIуа, Кавказым щыщ, Урысейм зэфIэкI щызиIэ, мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ цIыху. ЩакIуэмрэ лIыхъужьыр зыхуэпабгъэ цIыху кIулыкъум хэкIуэжынымрэ щызэпэщIегъэувэ тхакIуэм романым и сюжетым, икIи ар щхьэусыгъуэ мэхъу зэпэщIэтыныгъэ гуащIэмрэ гужьгъэжьымрэ я мыгъуагъэр утыку къихьэнымкIэ.

«Иужьрей щэкIуэгъуэр» - гупсысэ куу зыщIэлъ, Урысейм коммунистхэм я зэманыр щиуха нэужь, къэралыр зыхуэкIуар къыщыгъэлъэгъуа роман гъэщIэгъуэнщ. ЦIыхубэ мылъкур уней-унейуэ щызэбграхкIэ, абы сэтейм къытреутIыпщхьэ цIыху нэпсеягъэри гъунэ зимыIэ и къызыфIэщIыжыкIэри.

Адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ абрагъуэ хуэзыщIа Къандур Мухьэдин фильм зыгъэув режиссёрщ, сценаристщ, тхакIуэщ. Илъэс 50-м щIигъуауэ Голливудым епхауэ лажьэ Къандурым пщIэшхуэ зыпылъ саугъэт лъапIэ куэд киногъуазджэм къыщыхуагъэфэщащ. Абы и иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ «Черкес» (2010), «Фейсбук романс» (2012) фильмхэр.

Къандурыр къыщацIыху Европэми, Азиеми, США-ми. Абы и тхыгъэхэр зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Мухьэдин Хэкужьми фIыуэ къыщалъагъу, абы зэрехьэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.




**ЧЭРИМ Марианнэ.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 9-рщ.*



# Ди лъахэгъущ дунейпсо чемпионыр

**Сербием и къалащхьэ Белград щекIуэкIащ «грэпплинг» спорт лIэужьыгъуэмкIэ дунейпсо чемпионат. Саугъэтхэм щIэбэнащ къэрал 24-м икIа спортсмен лъэщхэр.**

ЗЭПЭЩIЭТЫНЫГЪЭХЭР гуащIэу екIуэкIащ, дэтхэнэ зы спортсменми и къару емыблэжу зыкъыщигъэлъэгъуащ алэрыбгъум. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам а спорт лIэужьыгъуэм щиIыгъ увыпIэ лъагэр иджыри зэ щIигъэбыдэжащ. Чемпионатыр зэрызэхэта махуитIым къриубыдэу ди къэралым и командэ къыхэхам хэтхэм медаль зэмылIэужьыгъуэ 17 зыIэрагъэхьащ икIи япэ гуп увыпIэр яубыдащ.

Урысей Федерацэм и ехъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ килограмм 92-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым щыбэна ди лъэпкъэгъу, «ФайтЗон» спорт клубым и гъэсэн Урыс Мухьэмэд *(сурэтым сэмэгумкIэ щыетIуанэщ)*. И хэрхуэрэгъу псоми шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ къафIихьри абы дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Ар зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзыра къэралым и командэ къыхэхам и тренер Шыхъуэс-тэн Руслан «дунейпсо класс зиIэ тренер» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Гуп зэпеуэм ди къэралым къыщыкIэлъокIуэ Украинэмрэ Польшэмрэ я командэ къыхэхахэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинум и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894 Тираж 1.849 Заказ №2462